

— ANÉ B —**SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ MARK**

Mk 14, 1-15, 47

"Yo t-ap chèché kijan pou yo kinbé Jézu an trèt pou yo touyé-l".

L.- Sé té Pak la avèk Azim yo apré dé jou; chèf prêt yo ak profésè yo t-ap chèché kijan pou yo sézi Jézu an trèt pou yo touyé-l. Min yo t-ap di:

****.-** "Pa nan jou fèt la, pou pa gin dézòd nan pèp la".

"Li anbomé kò-m davans pou lantèman-an".

L.- Pandan-l té Bétani, kay Simon, lépré-a, li té atab, yon madanm rivé avèk yon boutèy losion kalité sipériè ki vann byin chè, li kasé boutèy la, li vidé sou tèt li. Kèk moun té révòlté, yo t-ap palé antré yo, yo t-ap di:

****.-** "Pouki gaspiyaj sa-a fèt pou losion-an? Yo t-a kapab vann losion sa-a plis pasé touasan piès lajan pou yo bay pòv yo".

L.- Yo t-ap palé-l mal. Jézu minm di:

+- "Kité-l trankil. Pouki sa n-ap trakasé-l la? Sé yon bon aksion li fè pou mouin. N-ap toujou gin pòv avèk nou, épi, lè n-a vlé, n-a kapab fè yo dibyin; min mouin minm sé pa tout tan n-ap ginyin-m. Sé sa-l kapab li fè: li anbomé kò-m davans pou lantèman-an. An vérité mouin di nou, tout koté y-ap préché bòn nouvèl sa-a sou tout tè-a, y-ap rakonté tou sa-l fè-a pou fè sonjé-l".

"Yo promèt Juda Iskariòt pou yo ba-l lajan".

L.- Juda Iskariòt, youn nan douz yo, al jouinn chèf prêt yo, pou-l rinmèt li ba yo. Lè yo tandé sa, yo kontan épi yo promèt li y-ap ba-l lajan. Li t-ap chèché kijan li t-ap bay li nan yon bon okazion.

"Koté sal a manjé-m nan, koté pou-m manjé Pak la avèk disip mouin yo"?

L.- Prémié jou Azim yo, lè yo t-ap sakrifié Pak la, disip yo di-l:

****.-** "Koté ou vlé pou-n al paré pou ou pou-ou manjé Pak la"?

L.- Li voyé dé nan disip li yo, li di yo:

+- "Alé nan vil la, yon mésié ap rankontré nou, l-ap poté yon krich dlo, suiv li, épi koté-l antré-a, di mèt kay la; Mèt la di: 'Koté sal a manjé-m nan, koté pou-m manjé Pak la ansanm ak disip mouin yo'? L-a montré nou yon gran sal nan chanmòt la ki tou paré; sé la n-a paré pou nou"

L.- Disip yo alé, yo rivé nan vil la, yo jouinn jan-l té di-a, yo paré Pak la.

"Youn nan nou ap trayi-m, sa k-ap manjé avèk mouin-an".

L.- Lè asouè rivé, li rivé ansanm avèk douz yo. Pandan yo kouché, y-ap manjé, Jézu di:

+.- "Amèn, mouin di nou, youn nan nou ap trayi-m, youn k-ap manjé ansanm avèk mouin".

L.- Yo kòmansé vi-n tris, yo chak pran di-l:

*.- "Èské sé mouin"?

L.- Li di yo :

+.- "Youn nan douz yo, k-ap trampé pin ansanm avèk mouin nan plat la. Pitit moun nan ap pati, jan sa ékri sou li-a min ala malè pou moun sa-a ki rinnèt Pitit moun nan! Li t-a pi bon pou li, si moun sa-a pa-t janm fèt".

"Sa-a sé Kò mouin, sa-a sé San mouin, san nouveau aliens la".

L.- Pandan y-ap manjé, Jézu pran pin, li bénii-l, li kasé-l, li ba yo, li di:

+.- "Pran, sa-a sé kò mouin".

L.- Li pran kalis la, li di mèsi, li ba yo, yo tout yo bouè nan li. Li di yo:

+.- "Sa-a sé San mouin, san nouveau aliens la, ki vidé pou tout pakèt moun yo. Amèn, mouin di nou, mouin pap bouè nan foui pié rézin sa-a ankò jous nan jou sa-a koté m-ap bouè-l tou nouveau nan péyi-roua Bondié-a".

"Anvan kòk la chanté dé foua, ou-ap gin tan nié-m toua foua".

L.- Lè yo fi-n chanté kantik pou di Bondié mèsi-a, yo soti, y-al sou mòn pié Oliv yo. Jézu di:

+.- "Nou tout n-ap skandalisé poutèt mouin nan nuit sa-a minm, paské min sa ki ékri: "M-ap frapé gadyin-an, mouton yo ap gayé'. Min, lè m-ap fi-n résisté, m-ap pran dévan nou nan Galilé".

L.- Piè minm di-l:

*.- "Minm si tout moun skandalisé poutèt ou, sé pa mouin minm".

L.- Jézu di-l:

+.- "Amèn, mouin di-ou, jodi-a minm, nan nuit sa-a minm, anvan kòk la chanté dé foua, ou-ap gin tan nié-m toua foua".

L.- Li minm minm li t-ap dékläré pi rèd:

*.- "Minm si-m doué mouri ansanm avèk ou, mouin pap nié-ou".

L.- Yo tout t-ap di minm jan.

"Li kòmansé sézi, kè-l sérè".

L.- Yo rivé nan yon jadin yo rélé Jétsémani, Li di disip li yo:

+. - "Rélé isit la pandan m-ap lapriyè".

L.- Li pran Piè ak Jak ansanm avèk Jan avèk li, li kòmansé sézi, kè-l sérè. Li di yo :

+. - "Nam mouin tris tous pou-m mouri: rété isit la, veyé".

L.- Li avansé yon ti kras, li lagé kò-l atè-a, l-ap mandé si sa kapab fèt, pou lè sa-a pasé louin-l, li di:

+. - "Aba, Papa, tout bagay posib pou ou, fè kalis sa-a pasé louin-m; sèlman sé pa jan-m vlé, sé jan ou vlé".

L.- Li rivé, li jouinn yo ap dòmi. Li di Piè:

+. - "Simon, ou-ap dòmi? ou pa kapab veyé un-èd-tan? Veyé, lapriyè, pou nou pa antré nan tantasion. Léspri-a rapid, sé vré, min chè-a fèb".

L.- L-alé ankò, li lapriyè, li di minm paròl la. Li tounin ankò, li jouinn yo ap dòmi; je yo té lou, yo pa-t konnin ki sa pou yo té réponn li.

"Kinbé-l, minnin-l anba kòd".

L.- Pandan y-ap palé toujou, Juda Iskariòt la rivé, youn nan douz yo, té gin anpil foul avèk épé ak baton, sé prèt yo ak profésè yo ak ansyin yo ki té voyé yo. Sa-a ki té trayi-l la té ba yo sign sa-a, li té di:

***. -** "Sa-a m-ap bo-a, sé li minm, kinbé-l, minnin-l antan nou sivéyé-l byin".

L.- Lè yo rivé, minm lè-a li proché koté-l, li di:

***. -** "Salu, Rabi".

L.- Li bo-l. Yo mét min sou li, yo kinbé-l. Youn nan sa-k té koté-l yo ralé épé-l, li frapé sèvitè gran prèt la, li koupé ti bout zòrèy li. Jézu pran laparòl, li di yo:

+. - "Sé tankou pou yon vòlè, nou soti ak épé ak baton pou nou kinbé-m. Chak jou mouin té lakay nou nan Tanp la, mouin t-ap bay ansègnman épi nou pa-t kinbé-m; min sé pou sa-k ékri yo té kapab akonpli".

L.- Lè sa-a disip li yo kité-l, yo tout sové kò yo. Té gin yon ti gason ki t-ap suiv li, li té abiyé ak yon dra sou kò-l tou nu; yo kinbé-l. Li minm, li kité dra-a, li sové kò-l tou nu.

"Èské ou sé Kris la, Ptit Bondié ki bén-an"?

L.- Yo kondui Jézu bay chèf prèt la, yo rasanblé tout prèt yo ak skrib yo ak ansyin yo. Piè minm t-ap suiv dé louin, tous andan-an, nan lakou gran prèt la, li chita avèk sèvitè yo bò difé-a l-ap chofé kò-l.

Gran prêt yo minm ansanm ak tout manb yo ki té rasanblé yo, yo t-ap chèché yon témouagnaj kont Jézu, pou yo kondané-l amò, min yo pa-t jouinn. Anpil fo-témouin t-ap fè dépozision kont li, min témouagnaj yo pa-t akòdè. Gin kèk fo-témouin ki lévé, yo dépozé kont li, yo di:

****.-** "Nou té tandé-l di: 'M-ap détoui Tanp sa-a ki fèt ak min moun nan, épi nan toua jou m-ap bati yon lòt ki pa fèt ak min moun' ".

L.- Min témouagnaj yo-a pa-t konkòdè.

Gran prêt la lévé nan mitan, li pozé Jézu késion, li di:

***.-** "Ou pa réponn anyin nan akizasion yo dépozé kont ou yo"?

L.- Li minm li pé bouch li, li pa réponn anyin. Gran prêt la pozé-l késion ankò, li di-l:

***.-** "Èské-ou sé Kris la, Pitit Bondié ki béni-an"?

L.- Jézu minm di-l:

+- "Sé mouin minm; épi n-ap ouè Pitit moun nan ki chita adouat pouvoua Bondié-a k-ap vini ansanm ak niaj yo nan sièl la".

L.- Gran prêt la chiré rad li, li di:

***.-** "Sa nou bézouin témouin ankò? Nou tandé blasfèm nan; sa nou di nan sa"?

L.- Yo tout yo kondané-l, yo di li mérité lanmò. Kèkzin kòmansé kraché sou li, yo voualé fas li, yo ba-l souflèt, yo di-l:

****.-** "Profétizé".

L.- Epi sèvitè yo t-ap frapé-l avèk kou.

"Mouin pa rékonèt moun sa-a ou-ap palé-a".

L.- Pandan Piè té anba-a nan lakou-a, gin yon moun nan sèvitè gran prêt yo ki rivé, li ouè Piè k-ap chofé kò-l, li gadé-l dépi anro jous anba, li di:

***.-** "Ou minm tou, ou té avèk Jézu moun Nazarèt la".

L.- Piè minm nié, li di:

***.-** "Mouin pa konnin ni mouin pa konprann sa-ou vlé di-a".

L.- L-alé déyò dévan lakou-a, épi kòk la chanté. Apré sa, sèvant la ouè-l ankò, li kòmansé di moun yo ki té kanpé toutotou yo, li té nan pamí yo. Li minm minm li nié ankò. Apré yon ti moman ankò moun yo ki té kanpé bò kot Piè-a, yo di-l:

****.-** "Sé vré, ou sé youn nan yo, laprèv, ou sé Galiléyin tou".

L.- Li minm li kòmansé rélé madichon sou li, li fè sèman:

***.-** "Mouin pa rékonèt moun sa-a n-ap palé-a".

L.- Minm lè-a kòk la chanté ankò. Piè minm sonjé paròl Jézu té di-l la: "Anvan kòk la chanté dé foua, ou-ap nié-m toua foua". Li pran kriyé.

"Èské nou vlé mouin lagé roua Juif yo"?

L.- Granmatin, gran prêt yo avèk ansyin yo ak skrib yo ak tout sanédrin-an yo rasanblé, yo maré Jézu, yo kondui-l, yo rinnèt li bay Pilat. Pilat pozé Jézu késion:

*.- "Èské-ou sé roua Juif yo"?

L.- Li minm li pran laparòl, li di-l:

+.- "Ou di-l".

L.- Gran prêt yo akizé-l sou anpil pouin. Pilat minm rékòmansé pozé-l késion, li di:

*.- "Ou pa réponn anyin? Gadé sou konbyin pouin y-ap akizé-ou".

L.- Jézu minm pa réponn anyin minm ankò. atèl pouin Pilat té sézi.

Pou jou fèt la, li té konn abityé lagé youn nan prizonié yo ba yo, sa yo té konn mandé-a. Té gin youn yo té rélé Barabas, yo té arété-l ansanm avèk moun ki révòlté yo, pandan révòlt la li té fè yon krim. Lè foul la monté, li kòmansé mandé, jan-l té konn fè pou yo-a. Pilat minm réponn yo, li di:

*.- "Èské nou vlé pou-m lagé roua Juif yo ba nou"?

L.- Li té konnin réyèlman sé poutèt jalouzi gran prêt yo té bay li. Gran prêt yo minm éksité foul la, pou-l fè lagé Barabas pito ba yo.

Pilat pran laparòl ankò, li di yo:

*.- "Ki sa nou vlé pou-m fè avèk roua Juif yo"?

L.- Yo minm yo rélé byin fò:

**.- "Klouré-l sou koua".

L.- Pilat minm di yo:

*.- "Ki sa-l fè ki mal"?

L.- Yo minm yo rélé pi fò toujou:

**.- "Klouré-l sou koua".

L.- Pilat désidé bay pèp la satisfaksion, li lagé Barabas ba yo, li rinnèt Jézu pou yo bat li épi pou yo klouré-l sou koua.

"Yo pozé kouròn très pik'an sou li".

L.- Sòlda yo minm kondui-l nan lakou préfè-a, yo asanblé tout foul sòlda yo. Yo abiyé-l ak yon rad rouj, yo pozé yon kouròn très pik'an sou li. Yo kòmansé salié-l:

**.- "Salu, roua Juif yo".

L.- Yo frapé tèt li ak yon rozo, yo kraché sou li, yo ajénou dévan-l pou adoré-l.

Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt, yo dézabiyé-l ak rad rouj la, yo abiyé-l ak pròp rad pa-l; yo kondui-l pou yo klouré-l sou koua.

"Yo kondui-l yon koté yo rélé Golgota".

L.- Yo pozé min sou yon moun ki t-ap pasé, pou-l poté koua-l la, yo té rélé-l Simon, moun Sirèn, li té vi-n sot nan jadin, sé papa Aléksann ak Rufus. Yo kondui Jézu jus nan plas Golgota-a, sa vlé di plas anlè tèt la.

"Yo mété-l ansanm ak péchè yo".

L.- Yo ba-l bouè lamir mélé ak divin, li pa pran-l. Moun ki té klouré-l sou koua-a, yo séparé rad li yo, yo joué zo sou yo, pou yo ouè sa chak moun ap jouinn. Sé té touazièm è-a, yo klouré-l sou koua. Rézon kondanasion-l nan té ékri: "Roua Juif yo". Yo té klouré dé asasin ansanm avèk li sou koua, youn adouat épi yon lòt agoch li. Épi sa-k ékri-a té akonpli, sa-k di-a: "yo mété pòsion pa-l ansanm ak péchè yo".

"Li sové dòt, li pa kapab sové pròp tèt li".

L.- Moun ki t-ap pasé yo, yo t-ap blasfémé-l, yo t-ap di:

****.-** "Ebyin, ou minm k-ap krazé Tanp la pou-ou rébati-l nan toua jou-a, sé pou-ou sové pròp tèt ou, désann sot sou koua-a".

L.- Konsa tou gran prêt yo t-ap pasé-l nan jouèt antré yo, ansanm ak skrib yo, yo t-ap di:

****.-** "Li sové dòt, li pa kapab sové pròp tèt pa-l. Kris, roua Izraèl la, sé pou-l désann koulié-a sot sou koua-a, pou nou ouè, pou nou kouè".

L.- Moun yo ki té klouré sou koua-a ansanm avèk li-a yo minm tou yo t-ap jouré-l.

"Jézu pousé yon gran rèl, li rann souf li".

L.- Lè sizièm è-a rivé, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a. Nan névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di:

+- "Eloyi, Eloyi, lama sabaktani"?

L.- sa vlé di:

+- "Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan"?

L.- Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di:

****.-** "Gadé, l-ap rélé Éli".

L.- Youn nan yo kouri, li plin yon éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li ba-l bouè, li di:

***.-** "Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li".

L.- Jézu minm, lagé yon gran rèl, li rann souf li.

(Isit la, yo fè jénifléksion, yo rété yon ti moman an silans).

L.- Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba. Lè santirion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di:

***.-** "Vrèman mésié sa-a sé Ptit Bondié li té yé".

L.- Té gin médam ki t-ap gadé dé louin, nan pamí yo té gin Mari Madlèn, ak Mari manman ti Jak ak Jozèf, ak Salomé, lè yo té nan Galilé, yo té konn ap suiv li, yo té konn okipé-l, té gin anpil dòt médam tou ki té monté ansanm avèk li Jéruzalèm.

"Jozèf roulé ròch la sou bouch kavo-a".

L.- Kòm asouè té déjà rivé, sé té pou préparasion-an, lavèy saba-a, Jozèf moun Arimati-a rivé, sé té yon moun ki gin konsidération, li té fè pati konsèy la; li minm tou li t-ap tann péyi-roua Bondié-a, li antré kot Pilat avèk asirans, li mandé kò Jézu. Pilat minm sézi pou Jézu t-a mouri déjà, li fè rélé santirion-an, li mandé-l si Jézu té mouri déjà. Lè santirion-an fè-l konnin sa, li rinnèt Jozèf kò-a. Jozèf minm achté yon dra, li désann li, li vlopé-l nan dra-a, li pozé-l nan kavo-a, ki té fouyé nan ròch la, li roulé yon ròch sou bouch kavo-a. Mari Madlèn minm ak Mari manman Jozèf t-ap gadé koté yo té dépozé-l.

OUBYIN PI KOUT:**SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ MARK****Mk 15, 1-39**

'Èské nou vlé mouin lagé roua Juif yo ba nou"?

Granmatin, byin vit, gran prêt yo avèk ansyin yo ak skrib yo ak tout sanédrin-an yo rasanblé, yo maré Jézu, yo kondui-l, yo rinnèt li bay Pilat. Pilat pozé Jézu késion: "Èské-ou sé roua Juif yo"?

Li minm li pran laparòl, li di-l: "Ou di-l". Gran prêt yo akizé-l, sou anpil pouin.

Pilat minm rékòmansé pozé-l késion, li di: "Ou pa réponn anyin? Gadé sou konbyin pouin y-ap akizé-ou". Jézu minm pa réponn anyin minm ankò, atèl pouin Pilat té sézi.

Pou jou fèt la, li té konn abitié lagé youn nan prizonié yo ba yo, sa yo té konn mandé-a. Té gin youn yo té rélé Barabas, yo té arété-l ansanm avèk moun ki révòlté yo, pandan révòlt la li té fè yon krim. Lè foul la monté, li kòmansé mandé, jan-l té konn fè pou yo-a. Pilat minm réponn yo li di: "Èské nou vlé pou-m lagé roua Juif yo ba nou"? Li té konnin réyèlman sé poutèt jalouzi gran prêt yo té bay li. Gran prêt yo minm éksité foul la, pou-l fè lagé Barabas pito ba yo.

Pilat pran laparòl ankò, li di yo: "Ki sa nou vlé pou-m fè avèk roua Juif yo"?

Yo minm yo rélé byin fò: "Klouré-l sou koua".

Pilat minm di yo: "Ki sa-l fè ki mal"?

Yo minm yo rélé pi fò toujou: "Klouré-l sou koua".

Pilat désidé bay pèp la satisfaksion, li lagé Barabas ba yo, li rinnèt Jézu pou yo bat li épi pou yo klouré-l sou koua.

"Yo pozé kouròn très pikan sou li".

Sòlda yo minm kondui-l nan lakou préfè-a, yo rasanblé tout foul sòlda yo. Yo abiyé-l ak yon rad rouj, yo pozé yon kouròn très pikan sou li. Yo kòmansé salié-l: "Salu, roua Juif yo". Yo frapé tèt li ak yon rozo, yo kraché sou li, yo ajénou dévan-l pou adoré-l.

Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt, yo dézabiyé-l ak rad rouj la, yo abiyé-l ak pròp rad pa-l; yo kondui-l pou yo klouré-l sou koua.

"Yo kondui-l yon koté yo rélé Golgota".

Yo pozé min sou yon moun ki t-ap pasé, pou-l poté koua-l la, yo té rélé-l Simon, moun Sirèn, li té vi-n sot nan jadin, sé papa Aléksan ak Rufus. Yo kondui Jézu jous nan plas Gòlgota-a, sa vlé di plas anlè tèt la.

"Yo mété-l ansanm ak péchè yo".

Yo ba-l bouè lamir mélé ak divin, li pa pran-l. Moun yo ki té klouré-l sou koua-a yo séparé rad li yo, yo joué zo sou yo, pou yo ouè sa chak moun ap jouinn. Sé té touazièm è-a, yo klouré-l sou koua. Rézon kondanasion-l nan té ékri: "Roua Juif yo". Yo té klouré dé asasin ansanm avèk li sou koua, youn adouat épi yon lòt agoch li. Konsa sa-k ékri-a akonpli, sa-k di-a: "yo mété pòsion pa-l ansanm ak péchè yo".

"Li sové dòt, li pa kapab sové pròp tèt li".

Moun ki t-a pasé yo, yo t-ap blasfémé-l, yo t-ap souké tèt yo, yo t-ap di: "Ebyin, ou minm k-ap krazé Tanp Bondié-a pou-ou rébati-l nan toua jou-a, sé pou-ou sové pròp tèt ou, désann sot sou koua-a".

Konsa tou gran prêt yo t-ap pasé-l nan jouèt antré yo, ansanm ak skrib yo, yo t-ap di: "Li sové dòt, li pa kapab sové pròp tèt pa-l. Kris, roua Izraèl la sé pou-l désann koulié-a sot sou koua-a, pou nou ouè, pou nou kouè". Moun yo ki té klouré sou koua-a ansanm avèk li-a, yo minm tou yo t-ap jouré-l.

"Jézu pousé yon gran rèl, li rann souf li".

Lè sisièm è-a, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a. Nan névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di: "Éloyi, Éloyi, lama sabaktani"? Sa vlé di: "Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan"?

Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di: "Gadé, l-ap rélé Éli". Youn nan yo kouri, li plin yon éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li ba-l bouè, li di: "Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li".

Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.

(Isit la, yo fè jénifléksion, yo rété yon ti moman an silans).

Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba. Lè santirion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di: "Vrèman mésié sa-a sé Pitit Bondié li té yé".

Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré sin Mark

Sign: L = Léktè

+ = Jézu

* = Yon moun / ** = Foul

Tèks: Mark 14,1 -- 15,47

Mizik: Mgr Frantz Colimon, smm

L.- Sou- frans Granmèt nou Jé- zu Kri da- pré Mark.

Sé té Pak la avèk Azim yo apré dé jou; chèf prèt yo ak skrib yo t-ap chèché kijan pou yo sézi Jézu an très pou yo touyé-l. Min yo t-ap di: **.- "Pa nan jou fêt la,

pou pa gin dézòd nan pèp la". L.- Pandan-l té Bétani, kay Simon lépré-a, li lonjé kò-l pou-l man- jé, yon madanm rivé avèk yon boutèy losion kalité sipériè ki vann byin chè, li kasé boutèy la, li vidé sou tèt li. Kèk moun té trouvé sa déplasé, yo t-ap palé

antré yo, yo t-ap di: **.- "Pouki gaspiyaj sa-a fêt pou lo-sion-an? Yo t-a kapab vann losion sa-a plis pasé touasan piès lajan pou yo bay pòv yo". L.- Yo t-ap palé-l mal. Jézu minm di:

+.- "Kité-l tran- kil. Pouki sa n-ap traka- sé-l la? Sé yon bon aksion li fè pou mouin.

N-ap toujou gin pòv a-vèk nou, épi, lè n-a vlé, n-a ka-pab fè yo di-byin;

min mouin minm sé pa tout tan n-ap gin- yin-m. Sé sa-k byin li fè: li anbomé
 kò-m davans pou lan-tè- man-an. A- mèn mouin di nou, tout koté y-ap préché
 bòn nouvèl sa-a sou tout tè- a, y-ap rakonté tou sa-l fè pou fè son- jé-l".
 L.- Juda Iskariòt, youn nan Douz yo, al jouinn chèf prèt yo, pou-l rinnmèt li ba yo.
 Lè yo tandé sa, yo kontan épi yo promèt li y-ap ba-l la- jan. Li t-ap chèché kijan li t-ap
 rinnmèt li nan yon bon o- ka-zion. L.- Prémie jou Azim yo, lè yo t-ap sakrifié Pak la,
 disip yo di-l: **.- "Koté ou vlé pou-n al paré pou ou pou-ou man- je Pak- la?"
 Li voyé dé nan disip li yo, li di yo: +.- "Alé nan nan vil la, yon mésié ap rankon- tré nou,
 l-ap po- té yon krichdlo; suiv li, épi koté-l an- tré-a, di mèt kay la, Mèt la di:
 'Koté sal-a-man-jé-m nan, koté pou-m manjé Pak la ansanm ak di- sip mouin yo?'
 20

L-a montré nou yon gran sal nan chanmòt la
ki tou pa- ré;

sé la n-a pa- ré pou nou". L.- Disip yo alé, yo rivé nan vil la, yo jouinn jan-l té di-a,
yo paré Pak la. Lè asouè rivé, li rivé ansanm a-vèk Douz yo. Pandan yo lonjé kò yo,

y-ap man-jé Jézu di: +.- "Amèn mouin di nou, youn nan nou ap tra- yi-m,
youn k-ap manjé an-sanm a- vèk mouin". L.- Yo kòmansé vi-n tris, yo chak pran di-l:
*.- "Es-ké sé mouin?" L.- Li di yo +.- "Youn nan Douz yo, k-ap trancé pin ansanm avèk

mouin nan plat la. Ptit moun nan ap pa- ti, jan sa é- kri sou li- a; min ala malè
pou moun sa-a ki rinnèt Ptit moun nan! Li t-a pi bon pou li, si moun sa-a pa-t jamm fèt".

L.- Pandan y-ap man- jé, Jézu pran pin, li bén-i-l, li kasé-l, li ba yo, li di:
30 +.- "Pran, sa-a sé Kò mouin". L.- Li pran ka-lis la, li di mèsi, li ba yo, yo tout bouè nan li.

Li di yo: +.- "Sa-a sé San mouin, San novo aliens la, ki vidé pou tout pa-kèt moun yo.
 Amèn mouin di nou, mouin pap bouè nan foui pié rézin sa-a an- kò
 tous nan jou sa-a koté m-ap bouè-l tou novo nan pé- yi- roua Bon- dié -a".
 L.- Lè yo fi-n chanté kantik pou di Bondié mè- si -a, yo soti, y-al sou mòn pié O- liv yo.
 Jé- zu di: +.- "Nou tout n-ap skandalisé poutèt mouin nan nuit sa-a minm,
 paské min sa ki é- kri: ' M-ap frapé ga- dyin -an, mou- ton yo ap ga- yé '
 Min, lè m-ap fi-n résisi- té, m-ap pran dévan nou nan Ga- li- lé".
 L.- Piè minm di-l: *.- "Minm si tout moun skandalisé pou- tèt ou, sé pa mouin minm".
 L.- Jé- zu di-l: +.- "Amèn mouin di-ou, jodi-a minm, nan nuit sa-a minm,
 40 anvan kòk la chanté dé foua, ou-ap gin tan nié-m toua foua". L.- Li minm li t-ap dé-

klaré pi rèd: *.- "Minm si-m doué mouri ansanm a-vèk ou, mouin pap nié-ou".
 L.- Yo tout t-ap di minm jan. Yo rivé nan yon jadin yo rélé Jétséma-ni. Li di di-sip li yo:
 +.- "Rété isit la pandan m-ap pri- yé". L.- Li pran Piè ak Jak ansanm avèk Jan a- vèk li,
 li kòmansé sézi, kè-l sé- ré. Li di yo: +.- "Nanm mouin tris tous pou-m mou- ri:
 rété i-sit la, vé- yé." L.- Li avansé yon ti kras, li lagé kò-l atè-a, l-ap pri- yé,
 l-ap mandé si sa kapab fêt, pou lè sa-a pasé louin-l, li di: +.- "Aba, Papa, tout bagay
 posib pou ou, fè kalis sa-a pasé louin-m; sèlman sé pa jan-m vlé, sé jan-ou vlé".
 L.- Li rivé, li jouinn yo ap dò-mi. Li di Piè: +.- "Simon, ou-ap dò- mi?
 ou pa kapab véyé inèd- tan? Véyé, priyé, pou nou pa antré nan tan- ta- sion.
 50 Espri-a rapid, sé vré min chè -a fèb". L.- L-alé ankò, li priyé, li di minm pa-ròl la,

Li tounin ankò, li jouinn yo ap dò- mi; jé yo té lou, yo pa-t konnin ki sa
 pou yo té ré-ponn li. Pandan y-ap palé tou-jou, Juda Iskariòt la rivé, youn nan Douz yo,
 té gin anpil foul avèk li avèk man-chèt ak ba-ton, sé prèt yo ak skrib yo ak ansyin yo
 ki té voyé yo. Sa-a ki té trayi-l la té ba yo sign sa-a, li té di:
 *.- "Sa-a m-a bo-a, sé li minm, kinbé-l, minnin-l antan nou sivé-yé-l byin". L.- Lè yo ri-vé,
 minm lè-a li proché koté-l, li di: *.- "Sa-lu, Ra-bi"; L.- Li bo-l. Yo mét min sou li,
 yo kin-bé-l. Youn nan sa-k té koté-l yo ralé épé-l, li frapé sèvitè prèt an chèf la,
 li koupé ti bout zò-rèy li. Jézu pran lapa-ròl, li di yo: + "Sé tankou pou yon vòlè,
 nou sòti ak épé ak baton pou nou kin-bé-m. Chak jou mouin té lakay nou nan tanp la
 60 mouin t-ap bay ansègnman épi nou pa-t kin-bé-m; min sé pou sa-k ékri yo té kapab a-kon-pli".

L.- Lè sa-a disip yo kité-l, yo tout sové kò yo. Té gin yon ti gason ki t-ap suiv li,

li té abiyé ak yon dra sou kò-l tou-ni; yo kinbé-l. Li minm li kité dra-a, li so-vé kò-l tou-ni.

Yo kondui Jézu bay chèf prèt la, yo rasanblé tout prèt yo ak skrib yo ak an-syin yo.

Piè minm t-ap suiv dé louin, jous anndan-an, nan lakou Gran prèt la,

li chita avèk sèvitè yo bò difé-a l-ap cho-fé kò-l. Gran prèt yo minm ansanm ak

tout manb yo ki té rasanblé yo, yo t-ap chèché yon témougnaj kont Jézu, pou

yo kondané-l amò, min yo pa-t jouinn. Anpil fo-témouin t-ap fè dépozision kont li,

min témougnaj yo pa-t a-kò-dé. Gin kèk fo-témouin ki lévé, yo dépozé

kont li, yo di: **.- "Nou té tan-dé-l di: 'M-ap détoui tanp sa-a ki fèt ak min moun nan,
70

épi nan toua jou m-ap bati yon lòt ki pa fèt ak min moun"". L.- Min témougnaj yo-a

pa-t konkò- dé. Gran prêt la lévé nan mitan, li pozé Jézu késion, li di:
 *.- "Ou pa ré- ponn an-yin nan akizasion yo dépozé kont ou yo?" L.- Li minm minm li pé bouch li,
 li pa réponn an- yin. Gran prêt la pozé-l késion ankò, li di: *.- "Es- ké-ou sé Kris la,
 Ptit Bondié ki bé-ni-an?" L.- Jé- zu minm di-l: +.- "Sé mouin minm, épi n-ap ouè
 Ptit moun nan ki chita adouat pouvoua Bon-dié-a k-ap vini ansanm ak niaj yo nan sièl la".
 L.- Gran prêt la chiré rad li, li di: *.- "Sa nou bázouin té- mouin an- kò. Nou tandé
 blas- fém nan; sa nou di nan sa?" L.- Yo tout yo konda- né-l, yo di li mérité lan- mò.
 Kèkzin kòmansé kraché sou li, yo voualé fas li, yo ba-l souflèt, yo di-l: **.- "Profé- ti- zé".
 L.- Epi sèvitè yo t-ap frapé-l avèk kou. Pandan Piè té anba-a nan lakou-a, gin youn nan sèvitè
 80
 Gran prêt yo ki ri- vé, li ouè Piè k-ap chofé kò-l, li gadé-l dépi anro jous anba li di:

*.- "Ou minm tou, ou té avèk Jézu moun Naza- rète la". L.- Piè minm nié, li di:

*.- "Mouin pa konnin ni mouin pa kon- prann sa-ou vlé di-a". L.- L-alé déyò dévan la- kou -a,

épi kòk la chan- té. Apré sèvant la ouèl an-kò, li kòmansé di moun yo ki té kanpé

toutotou yo li té nan pa- mi yo. Li minm minm li nié an-kò. Apré yon ti moman ankò

moun yo ki té kanpé bò kot Piè-a, yodi-l: **.- "Sé vré, ou sé youn nan yo; laprèv:

ou sé Gali- lé-yin tou". L.- Li minm minm li kòmansé rélé madichon sou li, li fè sè- man:

*.- "Mouin pa rékonèt moun sa-a n-ap pa- lé -a". L.- Minm lè-a kòk la chan- té an-kò.

Piè minm sonjé paròl Jézu té di-l la: 'Anvan kòk la chan-té dé foua, ou-ap nié-m toua foua".

Li pran kri-yé. Granmatin, Gran prêt yo avèk ansyin yo ak skrib yo ak tout konsèy la
90 yo rasan-blé, yo maré Jézu, yo kondui-l, yo rinmèt li bay Pi-lat; Pilat pozé Jézu ké-sion:

L.- Gran prêt yo akizé-l, sou anpil pouin. Pilat minm rékòmansé pozé-l késion, li di:
 *.- "Ou pa réponn an-yin? Gadé sou konbyin pouin y-ap a- ki- zé-ou". L.- Jézu minm pa réponn
 anyin minmn an-kò, atèl pouin Pi-lat té sé- zi. Pou jou fèt la, li té konn abitié lagé youn nan
 prizonié yo ba yo, sa yo té konn man- dé -a. Té gin youn yo té rélé Barabas, yo té arété-l
 ansanm avèk moun ki révòl-té yo; Pandan révolt la li té fè yon krim. Lè foul la monté,
 li kòmansé mandé, jan-l té konn fè pou yo -a. Pilat minm réponn yo, li di:
 *.- "Eské nou vlé pou-m lagé roua Juif yo ba nou?" L.- Li té konnin réyèlman sé poutèt
 jalouzi Gran prêt yo té bay li. Gran prêt yo minm éksité foul la, pou-l fè lagé
 100 Barabas pi- to ba yo. Pilat pran laparòl ankò, li di yo: *.- "Kisa nou vlé pou-m fè

a-vèk roua Juif yo?" L.- Yo minm yo rélé byinfo: **.- "Klou-ré-lsou koua" L.- Pilat minm diyo:
 *.- "Ki sa-l fè ki mal?" L.- Yo minm yo rélé pi fò tou-jou: **.- "Klou- ré-l sou koua".
 L.- Pilat désidé bay pèp la satisfak- sion, li lagé Barabas ba yo, li rinnmèt Jézu pou yo bat li
 épi pou yo klou-ré-l sou koua. Sòlda yo minm kondui-l nan lakou pré- fè -a,
 yo rasanblé tout foul sòlda yo. Yo abiyé-l ak yon rad rouj, yo pozé yon kouròn très pi- kan sou li.
 Yo kòmansé sa-lié-l: **.- "Sa- lu, roua Juif yo". L.- Yo frapé tèt li ak yon rozo,
 yo kraché sou li, yo ajénou dévan-l pou ado- ré-l. Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt, yo dézabiyé-l
 ak rad rouj la, yo abiyé-l ak pròp rad pa-l; yo kondui-l pou yo klou- ré-l sou koua.
 Yo pozé min sou yon moun ki t-ap pasé pou-l poté koua-l la, yo té rélé-l Simon,
 110 moun Si- rèn, li té vi-n sot nan jadin, sé papa Alék- sann ak Ru-fus. Yo kondui Jézu jous

nan plas Gòlgota-a, sa vlé di plas an- lè tèt la. Yo ba-l bouè lamir mélé ak divin,
 li pa pran-l. Moun yo ki té klouré-l sou koua-a, yo séparé rad li yo, yo joué zo sou yo,
 pou yo ouè sa chak moun ap jouinn. Sé té touazièm è-a lè yo té kouré-l sou koua-a.
 Rézon kondanasion-l nan té ékri: 'Roua Juif yo'. Yo té klouré dé asasin ansanm avèk li
 sou koua, youn adouat épi lòt la a-goch li. Epi sa-k ékri-a té akon-pli,
 sa-k di-a: "Yo mété pòsion pa-l ansanm ak pé-chè yo". Moun ki t-ap pasé yo, yo t-ap
 blasfémé-l, yo t-ap souké tèt yo, yo t-ap di: **.- "Ebyin, ou minm k-ap krazé
 tanp Bondié-a pou-ou rébati-l nan toua jou -a, sé pou-ou sové pròp tèt ou,
 désann sot sou koua-a". L.- Konsa tou Gran prêt yo t-ap pasé-l nan jouèt antré yo,
 120
 ansanm ak skrib yo, yo t-ap di: **.- "Li so-vé dòt, li pa kapab sové pròp tèt pa-l.

Kris, roua Isra- èl la, sé pou-l désann koulié-a sot sou koua-a, pou nou ouè,
 pou nou kouè". L.- Moun yo ki té klouré sou koua-a ansanm avèk li -a, yo minm tou
 yo t-ap jou- ré-l. Lè sizièm è-a ri-vé, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è- a.
 Nan névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di: +.- "E-lo-yi, E-lo-yi, la-ma sa- bak-ta-ni?"
 L.- Sa vlé di: +.- "Bon- dié mouin, Bon- dié mouin, pou- ki- sa ou la- gé-mnan?"
 L.- Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di: **.- "Gadé, l-ap ré- lé E- li".
 L.- Youn nan yo kou- ri, li plin yon éponj ak vinèg, li vlopé-l nan pouint yon rozo,
 li ba-l bouè, li di: *.- "Kité, n-ap ouè si Eli ap vi-n pou-l dé- sann li".
 L.- Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.

130

(Isit la yo ajénou, yo rété yon ti moman an silans)

Voual tamp la chiré an dé, dépi anro jous an-ba. Lè santirion-an ouè sa, li minm ki té
 kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di: *.- "Vrè- man mésié
 sa-a sé Pitit Bon- dié li té yé". L.- Té gin médam ki t-ap gadé dé louin;
 nan pami yo té gin Mari-Madlèn, ak Mari manman ti Jak ak Jozèf, ak Sa- lo- mé;
 lè yo té nan Galilé yo té konn ap suiv li, yo té konn o- ki- pé-l;
 té gin anpil dòt médam tou ki té monté ansanm avèk li Jérusa-lèm. Kòm asouè té déjà rivé,
 sé té jou préparasion-an, lavèy saba-a, Jozèf, moun Arimati-a ri-vé, sé té yon moun ki gin
 konsidération, li té fè pati kon-sèy la; li minm tou li t-ap tann péyi - roua Bon-dié -a,
 li antré kot Pilat avèk asirans, li man-dé kò Jé- zu. Pilat minm sézi pou Jézu t-a déjà
 mourri, li fè rélé santirion-an, li mandé-l si Jézu té mou- ri dé- ja. Lè santirion-an

140

A musical score for a single voice, likely a soprano, in common time. The key signature is one flat. The music consists of four staves of music, each ending with a double bar line and repeat dots. The lyrics are written below the notes in a two-line format. The first staff contains the lyrics: "fè-l konnin sa, li rinnmèt Jozèf kò -a. Jozèf minm achté yon dra, li dé- sann li,". The second staff contains: "li vlopé-l nan dra-a, li pozé-l nan kavo-a, ki té foyé nan ròch la,". The third staff contains: "li roulé yon ròch sou bouch ka- vo-a. Mari Madlèn minm ak Mari manman Jozèf". The fourth staff contains: "t-ap gadé koté yo té dépo- zé-l. Paròl Gran- mèt la."